

Konje Familyal ak Maladi Peye Avi Alekri pou Anplwaye

Dat:

Anplwayè:

Adrès Postal:

Nimewo Idantifikasyon Federal Anplwayè a (Federal Employer Identification Number, FEIN):

Non Anplwaye a:

Dat Rekritman:

Avi sa a pale sou dwa w ak responsablite w nan kad pwogram Konje Familyal ak Maladi Peye (Paid Family and Medical Leave, PFML) Eta Maine nan. Lalwa egzije pou nou bay nouvo anplwaye yo enfòmasyon sa a nan 30 premye jou travay la.

Kontribisyon Anplwaye

Se kontribisyon sou salè ki finanse pwogram PFML Maine nan. Anplwayè yo ka retire jiska mwatye nan kontribisyon yo mande a sou salè chak anplwaye (jiska menm limit yo fikse pou rediksyon sekirite sosyal la). Y ap rapòte rediksyon an nan fich pèman w lan.

Prelèvman salè w la nan pwogram PFML la ap kòmanse (*Dat Pèman an Kòmanse (Payroll Start Date)*) **(dat (date))** avèk yon to **(to prim asirans (premium rate))** %

Kalifikasyon pou Konje

Ou ka pran konje epi resevwa yon pati nan salè regilye w la annakò ak lwa PFML nan Maine. Kalifikasyon w lan depann de kantite tan ou fè ap travay nan Maine ak kantite lajan w ap touche. Anjeneral, ou ta dwe gen sis mwa pou pi piti ap travay nan Maine. Aprè w fin depoze yon demann, administratè a ap verifeye si w kalifye.

Motif Konje.

Prestasyon PFML yo ap disponib nan ka sa yo.

- **Konje Maladi:** Peryòd kote yon pwoblèm sante grav anpeche w travay.
- **Konje Parantal:** Peryòd pou kreye lyen ak yon timoun ki fèk fèt, plasman familyal oswa adopsyon.
- **Konje pou Swen Familyal:** Peryòd pou pran swen yon pwòch ki gen yon maladi grav.
- **Konje pou Fanmi Militè:** Peryòd pou prepare deplwaman yon manm fanmi an ki militè.
- **Konje Sekirite:** Peryòd pou yon moun asire sekirite l aprè l fin sibi yon abi oswa yon zak vyolans.

Dwa & Pwoteksyon:

Ou ka kalifye pou w pran konje epi resevwa prestasyon si w gen lontan depi w ap travay nan Maine, menm si w se yon nouvo anplwaye nan yon konpayi patikilye. Sa vle di ou ka chanje travay epi w kontinye itilize kontribisyon PFML ou te bay nan pwogram PFML la. Anplwayè w la (yo) dwe kenbe prestasyon asirans maladi ou benefisye a menm jan an pandan w an konje a.

Anplwayè yo pa oblije kenbe travay ou a, sof si w t ap travay pou yo pandan plis pase 120 jou youn dèyè lòt. Depi w t ap travay pou yon anplwayè pandan 120 jou, anplwayè w la dwe reba w travay ou lè w sot nan konje PFML ki apwouve a. Se kapab egzaktman menm travay la oswa yon travay ekivalan ki prèske menm travay la anrapò ak salè, avantaj ak kondisyon travay – sa w ap fè ak fason w ap fè l.

Fason pou w Ranpli yon Demann PFML:

Avantaj yo ap kòmanse disponib apati 1ye me 2026. Pou plis enfòmasyon sou avantaj yo ak fason pou w aplike, ale sou www.maine.gov/paidleave.